



Pou Piblikasyon Imedya: 06/06/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON KI DEZIYEN MWA JEN KÒM
MWA KONSYANTIZASYON SOU VYOLANS AK ZAM NAN ETA NOUYÒK**

*Yo pral limen moniman atravè eta a an zoranj aswè a, 6 jen an,
pou onore sivivan ak viktim yo*

*Fiziyad nan kominote k ap patisipe nan eliminasyon vyolans ak zam nan eta a rive
nan yon nivo [ba ki bat rekò](#) pase sa yo te ye anvan pandan kat premye mwa 2025
yo*

Li [pwoklamasyon](#) Gouvènè Hochul la

Gouvènè Kathy Hochul pibliye yon pwoklamasyon jodi a pou deklare mwa Jen kòm Mwa Sansibilizasyon sou Vyolans ak Zam nan Eta Nouyòk Obsèvasyon ki dire yon mwa a se yon opòtinite pou sansibilize moun, onore lavi moun ki pèdi akòz vyolans ak zam, sipòte sivivan yo ak fanmi yo, epi mete aksan sou travay kontinyèl ajans lapolis lokal ak eta yo ak òganizasyon ki baze nan kominote a pou fè kominote Nouyòk yo pi an sekirite e pi solid. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te bay lòd pou 16 moniman atravè Nouyòk yo limen an zoranj pou onore sivivan ak viktim vyolans ak zam epi make kòmansman [Wikenn Abiye an Oranj](#) (Wear Orange Weekend), yon mouvman nasyonal pou sansibilize moun epi enspire aksyon pou mete fen nan vyolans ak zam.

"Nan Jounen Abiye an Oranj lan, mwen rejwenn plizyè milyon Ameriken pou mete koulè oranj pou raple sivivan yo, manm fanmi yo ak tout moun ki kwè nan lapè ak sekirite piblik ke Nouyòk kanpe kont vyolans ak zam," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Depi lè mwen te antre an fonksyon an, mwen te konsantre anpil sou fè Nouyòk yon kote ki pi an sekirite pou tout moun grasa pwomilgasyon kèk nan lwa ki pi solid nan peyi a sou sekirite zam — epi y ap mache. Pandan n ap sonje viktim vyolans ak zam san sans yo jodi a, nou reyafime angajman nou anvè sekirite zam ki gen bon sans ak sekirite tout Nouyòkè yo."

Gouvènè Hochul fèk [anonse ke ensidan fiziyad ki lakòz blesi atravè Eta Nouyòk te diminye de 9 pousan pandan kat premye mwa ane sa a](#) konpare ak menm peryòd la an 2024, rive nan yon nivo ki pi ba pase sa yo te konn ye anvan e kontinye yon tandans desandan pandan twa zan. Depi li te rive nan pik li an 2021, ensidan fiziyad ki te lakòz blesi nan kominote k ap patisipe nan inisyativ eta a pou Eliminasyon Vyolans ki Enplike

Zam (GIVE) te diminye plis pase 50 pousan epi اساسina yo te diminye 30 pousan, sa ki demontre enpak estrateji sible, ki baze sou prè ak done, ki konbine aplikasyon lwa ak prevansyon ak angajman kominotè. Depatman lapolis sa yo rapòte apeprè 90 pousan krim vyolan ki enplike zam afe ak 85 pousan krim vyolan yo rapòte andeyò Vil Nouyòk.

Yo pral limen moniman sa yo an koulè zoranj:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall
- Pak Eta Istorik Walkway Over the Hudson

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la (Division of Criminal Justice Services, DCJS), Rossana Rosado, te deklare, "Pandan n ap selebre Mwa Sansibilizasyon sou Vyolans ak Zam, mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak patnè nou yo nan fòs de lòd yo ak nan kominote a pou angajman kontinyèl yo pou katye ki pi an sekirite. Kolaborasyon nou an nan tout eta a ap mennen bon jan pwogrè—li diminye vyolans ak zam epi ede kominote yo geri. Nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo patisipe nan wikenn Mete Oranj la kòm yon gwo demonstrasyon solidarite ak sivivan yo epi yon apèl pataje pou mete fen nan vyolans ak zam."

Sirentandan Lapolis Eta Nouyòk (New York State Police), Steven G. James, te deklare, "Nou fyè pou n travay ansanm ak ajans fòs de lòd yo ki pataje menm objektif la pou anpeche trajedi san sans ki enplike zam epi amelyore sekirite nan kominote lokal nou yo. Diminye sikilasyon zam ilegal yo ak misyon pou lokalize epi diminye sous apwovizyonman yo, rete yon premye priyorite. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou resous yo ap bay pou ede nou konsantre sou misyon sekirite piblik sa a."

Direktè Biwo Sèvis Viktim (Office of Victim Services, OVS) nan, Bea Hanson, te deklare, "Nou fyè pou nou kanpe ak Gouvènè Hochul ansanm ak patnè nou yo nan nivo eta ak lokal pou nou sansibilize moun sou enpak dirab vyolans ak zam, sitou nan kominote ki sibi li pi grav yo. Mwen vle remèsye pwofesyonèl devwe ki bay asistans pou

viktim yo atravè Nouyòk ki rankontre moun nan moman ki pi difisil yo epi ede yo kòmanse rekipere. Konpasyon yo ak travay san pran souf yo enpòtan anpil pou pwosesis gerizon an."

Eta Nouyòk kontinye ap dirije nasyon an nan pwomosyon solisyon konplè, ki baze sou done, pou vyolans ak zam. Sa gen ladan l ranfòse lwa Lòd Pwoteksyon Kont Risk Ekstrèm eta a, amelyore pwosesis verifikasyon antesedan an, epi finanse pwogram ki baze nan kominote a tankou GIVE ak [SNUG Street Outreach](#), ki konsantre sou katye ki afekte plis pa vyolans ak zam, epi [rezo Sant Analiz Krim eta a ki rekonèt nasyonalman epi ki inik](#).

[Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl](#) (DCJS) bay sipò enpòtan nan tout aspè nan sistèm jistis kriminèl eta a, ki gen ladan, men pa sèlman: fòmasyon sou aplikasyon lalwa ak lòt pwofesyonèl jistis kriminèl; k ap sipèvize yon pwogram akreditasyon ki fè respekte lalwa; asire aparèy pou tès alkòl ak ekipman pou fè respekte vitès yo ke lapolis lokal yo itilize fonksyone kòrèkteman; jere finansman sibvansyon jistis kriminèl; analize enfòmasyon sou krim ak pwogram nan tout eta a; bay sipò rechèch; sipèvize depatman pwobasyon konte yo ak altènatif nan pwogram nan prizon; ak kowòdone politik jistis jèn yo. Swiv DCJS sou [Facebook](#), [Instagram](#), [LinkedIn](#) ak [X](#).

[Biwo Sèvis Viktim](#) (Office of Victim Services, OVS) lan finanse ak sipòte prèske 250 pwogram asistans pou viktim nan tout eta a ki bay sèvis esansyèl, tankou seyans konsèy pou kriz, gwoup sipò, jesyon ka, abri ijans, èd legal sivil, ak asistans pou demenajman, pami lòt asistans, pou viktim ak sivivan, pwòch yo ak kominote yo. Ajans lan bay tou [yon garanti sekirite finansye enpòtan](#) pou tout moun ki pa gen lòt resous pou peye pou depans yo te fè akòz krim lan. Swiv OVS sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [X](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)